



RULES FOR GARDEN:

- Twashizeho amategeko azofasha kugabanya ikikiza ca virusi mugihe imirima yokwugururwa:
- ubwirizwa gukurikiza aya mategeko utabikoze ntuzokoresha umurima.

Amategeko ajanye no kurima uyu mwaka:

1. Mukomeze gusiga umwanya hagati yanyu nimiburiburi intambwe 6 hagati yumuntu nuwundi kiretse uwomubana munzu.

2. Ntuze mu murima nimba warabonye canke waregereye umuntu agwaye coronavirisi canke afise ubushuhe.

3. Tubwirizwa kugabanya igitigiri c'abantu bagira mu murima icarimwe.

- Buri murima wose ufise ibara riwuranga risize kugiti gishinze k'umurima. Ubwirizwa kuza k'umurima k'umusi uhwanye nibara riri k'umurima wawe.
- Nimba umurima wawe uriko ibara ritukura, ubwirizwa kuza mumurima buri kwezi kumatariki akurikira: 1, 3,5,7,9,11....Ni ukuvuga ibiharuro bitagaburika na 2.
- Nimba umurima wawe urikoibara ryubururu, ubwirizwa kuza mumurima buri kwezi kumatariki akurikira: 2,4,6,8,10,12... Ni ukuvuga ibiharuro bigaburika na 2.
- Hari umuntu azoguhamagara canke akurungikire email canke akwandikire message akubwire ibara ryawe iryariryo. Mugihe atawoguhamagara, ushobora kubaza ababantu bakurikira:
 - Fabian: (603) 513-3277 canke
 - Kaylin Lusting: (408) 502-2409
 - Ushobora kuja no kuri ngurukanabumenyi (computer) ukaraba ibara ryumurima wawe iryariryo: Wokwandikamwo: Sycamorecommunitygarden.org
 - Mugihe abantu bazoba bari mu murima ari benshi, bamwe bazosabwa gutaha.

4. Ubwirizwa guparika imodoka yawe hariya hakurya yibarabara uvuye k'umurima. Ntamuntu yemerewe guparika kw'ibarabara. Ntanuwemerewe kujana imodoka ahagere umurima.

5. Imbere yuko ukoresha igikoresho icarico cose, nk'inkorofani, canke aho mufata muvomera (kumuringoti) mubwirizwa gukoresha urya muti bakaraba muntoki. Urya muti uzoba uri harya muri gazebo (muri karya kazu) no kumapompo yose. Uhejeje gukoresha igikoresho icarico cose, canke imbere yo gukora kukindi gikoresho, koresha urya muti kandi.

6. Abana babwirizwa kuguma impande y'umurima wawe ntibabwirizwa kuguma birukanga muyindi mirima.

7. Ushobora gukoresha imeza irya ya gazebo na pikinike ariko ubwirizwa kuraba ko hagati yabandi bahicaye nawe hari intambwe zishika 6 zibatandukanyabandi bicaye kuri iyo meza ya gazebo.

8. Wamusarani baterehaho wimukanwa, muri iri ci ntuzokoreshwa. Biragoye cane kugira umuntu yirinde virusi.

9. Umwavu uri mumurima mutugwi dutandukanye. Uno mwaka ntituzofasha kuwutanga. Ni akazi kawe kuwutora ukawushira mu murima wawe. Ntihagire umuntu azotora inkorofani zirenze 3.

10. Ntabwo tuzofata umusi wokubahereza imbuto mu murima. Zizoba ziri ahantu ubwo tuzobamenyesha umusi namasaha yokuzoja kuzitora.

11. Nimba ufise indobo yawe canke ibikoresho wokoresha mu murima, vyaba vyiza ubizanye ukabikoresha. Mugihe tudasangiye ibikoresho, niho duheza tukagira umutekano.

12. Inzu zimwe za NHTI zigiye gukoreshwa nkibitaro kubagwayi ba coronavirisi. Ubwo rero birabujijwe gutwara imodoka ngo uce impande yarya mazu canke ngo uje munzu nimwe muri zirya. Ntukoreshe ubwato ahaparikwa. Ahaza haja ubwato harugawe.

Birakenewe ko utahura aya mategeko kandi ukayakwirikiza kubw'umutekano wawe, no kubw'umutekano w'umuryango wawe ndetse n'abantu bose baba muri kano karere.